

# Pa Kite Marengwen Mòde w (Etazini)



Tout marengwen pa menm. Diferan marengwen simaye diferan viris epi yo mòde diferan lè nan jounen an.

## Kalite Marengwen



*Aedes aegypti*,  
*Aedes albopictus*

## Viris yo ki gaye

Chikoungounya,  
Deng, Zika

## Ki jan yo mode

La jounen anvan, men yo ka  
mòde tou pandan lannwit.



Espès *Culex*

Wès Nayl

Apremidi rive nan maten.

## Pwoteje tèt ou ak fanmi ou kont marengwen.

### Itilize pwodwi ki pouse marengwen

Itilize yon pwodwi pou repouse marengwen ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal [Environmental Protection Agency (EPA)] epi ki gen youn nan engredyan aktif sa yo ladan. Lè nou itilize yo jan yo di nou a, pwodwi kont marengwen ki anrejistre nan EPA yo san danje ak efikas, menm pou fanm ki ansent ak sa k ap bay tete.

### Engredyan aktif

Lè pousantaj engredyan aktif la pi wo, pwoteksyon an dire plis tan

DEET

Picaridin, (ki rele KBR 3023, ak icaridin andeyò Etazini)

IR3535

Lwil ekalptis sitwon [Oil of lemon eucalyptus (OLE)] ou paramantandyòl [para-menthane-diol (PMD)]

2-undecanone



Jwenn pwodwi pou repouse marengwen ki bon pou w itilize **ale sou sit EPA a\***

\* Zouti pou fè rechèch sou Epa a disponib nan: [www.epa.gov/insect-repellents/find-insect-repellent-right-you](http://www.epa.gov/insect-repellents/find-insect-repellent-right-you)



# Pwoteje tèt ou ak fanmi ou kont marengwen (swivi)



- ◆ Toujou swiv enstriksyon ki sou etikèt pwodwi a.
- ◆ Remete pwodwi pou repouse marengwen chak detwa èdtan, selon pwodwi a ak fòs pwodwi ou chwazi a.
  - » Pa flite pwodwi a sou po ou anba rad ou.
  - » Si w ap itilize krèm solèy tou, mete krèm nan avan epi mete pwodwi kont marengwen an apre.

## Fason natirèl pou repouse marengwen (pwodwi ki pa anrejistre ak EPA)

- ◆ Nou pa konnen efikasite pwodwi pou repouse marengwen ki pa anrejistre nan EPA, ladan yo kèk pwodwi natirèl kont marengwen.
- ◆ Pou pwoteje tèt ou kont maladi tankou chikoungounya, lafyèv deng, ak Zika, CDC ak EPA rekòmande ou itilize yon pwodwi pou repouse marengwen ki anrejistre nan EPA.
- ◆ Lè nou itilize yo jan yo di a, pwodwi pou repouse marengwen ki anrejistre nan EPA yo san danje ak efikas. Pou plis enfòmasyon: [www2.epa.gov/insect-repellents](http://www2.epa.gov/insect-repellents)

## Si ou gen yon tibebe oswa timoun piti



- ◆ Toujou swiv enstriksyon yo lè w ap mete pwodwi pou repouse marengwen sou timoun yo.
- ◆ Pa mete pwodwi pou repouse marengwen sou tibebe ki poko gen 2 mwa.
- ◆ Abiye pitit ou ak rad ki kouvri bra ak janm li, oswa
- ◆ Kouvri bèso, pousèt, ak bagay ou pote bebe ou ak moustikè.
- ◆ Pa mete pwodwi pou repouse marengwen nan men, zye, bouch yon timoun ak kote li blese oswa po li irite.
  - » Granmoun: Flite pwodwi ki repouse marengwen an sou men ou yo epi aplike sou figi timoun nan.
- ◆ Pa mete Lwil ekalptis sitwon [Oil of lemon eucalyptus (OLE)] ou paramantandyòl [para-menthane-diol (PMD)] sou timoun ti poko gen 3 zan.

## Trete rad ak materyèl



- ◆ Trete bagay tankou bòt, pantalon, chosèt, ak tant ak pèmetren oswa achte rad ak materyèl ki trete ak pèmetren.
  - » Rad ki trete ak pèmetren ap pwoteje ou menm apre ou lave li plizyè fwa. Gade enfòmasyon sou pwodwi a pou konnen konbyen tan pwoteksyon an ap dire.
  - » Si w ap trete rad yo ou menm, swiv enstriksyon yo.
  - » Pa mete pwodwi pèmetrin yo dirèkteman sou po ou.

## Fè pou anndan lakay ou pa gen moustik



- ◆ Mete twil sou fenèt ak pòt yo. Repare twou nan twil yo pou marengwen pa ka antre.
- ◆ Itilize èkondisyone si genyen.
- ◆ Pa kite marengwen ponn ze kote dlo dòmi oswa tou pre dlo ki dòmi.
  - » Yon fwa pa semèn, vide epi foubi, vire tèt anba, kouvri, oswa jete bagay ki kenbe dlo, tankou kawoutchou, bokit, po, jwèt, pisin, kote pou tizwazo benyen, po flè, oswa poubèl. Gade anndan ak deyò kay ou.